



Depoze yon Deklarasyon Taks 2021 pou Jwenn Rès Taks pou Timoun 2021 W lan

Anpil fanmi te jwenn jiska mwaye nan estimasyon **Kredi Taks pou Timoun 2021** yo a antanke peman avans lane pase a. Men **trwa (3)** etap pou ou jwenn rès kredi w la:

Etap 1: Revize Lèt 6419

- Ou te dwe resevwa lèt sa an janvye 2022 si ou te resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo an 2021.
- Li montre montan peman avans ou te resevwa yo ak kantite timoun kalifye peman yo te baze sou yo.
- Oumenm oswa moun k ap prepare taks pou ou a ap itilize enfòmasyon sa yo pou byen kalkile rès kredi w la.
- Si ou te mal plase lèt ou a, ou kapab chèche enfòmasyon ou yo avèk **Pòtal Ajou CTC** IRS la oswa **Kont Anliy** lan.

Etap 2: Reklame Rès Kredi Taks pou Timoun 2021 W lan

- Depoze deklarasyon taks federal 2021 w lan epi reklame Kredi Taks pou Timoun nan, si ou elijib.
- Chwazi depo dirèk si w ap jwenn yon ranbousman. Rasire ou enfòmasyon kont labank ou kòrèk.

Etap 3: Touche Lajan w!

- Apre ou fin depoze deklarasyon w lan, ou kapab itilize zouti **Kote Ranbousman Mwen?** sou IRS.gov pou verifeye estati ranbousman ou oswa aplikasyon mobil la **IRS2Go**.
- Ou kapab verifeye nan 24 è apre deklarasyon elektwonik la oswa nan kat (4) semenn apre ou vin voye yon deklarasyon nan lapòs. Gen aktyalizasyon ki fèt nan zouti anliy lan chak jou, dabitid lannwit.
- Pou itilize zouti sa a, ou bezwen nimewo Sekirite Sosyal ou, kondisyon fiskal ou ak montan dola egzat ranbousman w lan.

Enfòmasyon Enpòtan

- » Depoze yon deklarasyon taks se sèl mwayen pou jwenn rès Kredi Taks pou Timoun 2021 W lan.
- » Deklarasyon elektwonik ak depo dirèk se mwayen ki pi sekirize e ki pi rapid pou jwenn yon ranbousman taks.
- » Anpil moun kalifye pou deklarasyon elektwonik gratis sou **Deklarasyon Gratis IRS** la oswa nan yon sit preparasyon taks volontè.